

## RINGKESAN

Judul tina panalungtikan ieu nyaéta “Pangajaran Ngaproduksi Struktur Eusi Teks Eksplanasi anu Berorientasi ka Kabahasaan ku Ngagunakeun Padika Think-Talk-Write ka Murid Kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung Taun Ajaran 2017/2018”. Pasualan anu pangarang ajukeun nyaéta: 1) Dupi pangarang mampuh ngarencanakeun, milampah, sarta meunteun kagiatan pangajaran ngaproduksi struktur eusi teks eksplanasi ngagunakeun padika think-talk-write ka murid kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung?; (2) Dupi murid kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung mampuh ngalak-sanakeun pangajaran ngaproduksi struktur eusi teks eksplanasi anu berorientasi ka kabahasaan ku ngagunakeun padika think-talk-write?; (3) Dupi padika think-talk-write éfektif dipaké dina pangajaran ngaproduksi struktur eusi teks eksplanasi anu berorientasi ka kabahasaan ka murid kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung? Panalungtikan ieu ngagunakeun padika panalungtikan ékspérimén, anu palaksanaanna ngagunakeun rupi ékspérimén kuasi, kalawan désain the one group pretest-postest. Populasi panalungtikan ieu diwangun ti 36 murid anu mangrupikeun murid kelas XI IIS 3 SMA Kartika XIX-1 Bandung. Pangumpulan data mangrupikeun hasil tés diajar anu dilaksanakeun sateuacan sarta sanggeus proses pangajaran (tes mimiti sarta tes ahir), proses pangajaran dilakukeun ku ngagunakeun padika think-talk-write. Sedengkeun pikeun hasil panalungtikanna nyaéta minangka katut; (1) pangarang mampuh milampah pangajaran ngaproduksi struktur eusi teks eksplanasi anu berorientasi ka kabahasaan ku ngagunakeun padika think-talk-write. Perkawis ieu kabuktian dumasar tina rata-rata peunteun persiapan sarta palaksanaan pangajaran sagede 3,7. (2) murid kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung mampuh ngalaksanakeun pangajaran ngaproduksi struktur teks eksplanasi anu berorientasi ka kabahasaan ku ngagunakeun padika think-talk-write. Perkawis ieu kabuktian dumasar tina peunteun rata-rata hasil tes mimiti sagecé 38,47 sarta peunteun rata-rata hasil tes ahir sagecé 75,58. Janten, aya kanaékan sagecé 36,11. (3) Padika think-talk-write éfektif dipaké dina pangajaran ngaproduksi struktur eusi teks eksplanasi anu berorientasi ka kabahasaan ka murid kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung. Perkawis ieu kabuktian dumasar kenging uji statistik  $t_{hitung} > t_{tabel}$ , nyaéta  $26,55 > 2,03$  dina tingkat kapercayaan 95% kalawan tingkat signifikan 5% sarta darajat kabébasan 35. Dumasar tina data panalungtikan, panagarang nyimpulkeun yén pangajaran ngaproduksi struktur eusi teks eksplanasi anu berorientasi ka kabahasaan ku ngagunakeun padika think-talk-write ka murid kelas XI SMA Kartika XIX-1 Bandung geus dipigawé kalawan saé sarta junun.

Kecap konci: pembelajaran ngaproduksi struktur eusi, teks eksplanasi, think-talk-write